

BAB V

KACINDEKAN JEUNG SARAN

5.1 Kacindekan

Ieu panalungtikan méré gambaran ngeunaan kamapuh maca pamahaman carpon (basa Sunda), kamampuh maca pamahaman cerpen (basa Indonesia), jeung babandingan antara kamampuh maca pamahaman carpon (basa Sunda) jeung cerpen (basa Indonesia) santri Program Pesantren Mahasiswa angkatan ka-4 Daarut Tauhiid Bandung. Ieu panalungtikan bisa dicindekkeun, nya éta:

- 1) Kamampuh maca pamahaman carpon (basa Sunda) santri Program Pesantren Mahasiswa angkatan ka-4 Daarut Tauhiid Bandung bisa disebut mampu, sabab sakabéh santri miboga peunteun dina maca wacana basa Sunda nu geus dirata-ratakeun nya éta 72.
- 2) Kamampuh maca pamahaman cerpen (basa Indonesia) santri Program Pesantren Mahasiswa angkatan ka-4 Daarut Tauhiid Bandung bisa disebut mampu, sabab sakabéh santri miboga peunteun dina wacana basa Indonesia nu geus dirata-ratakeun nya éta 69,5;.
- 3) Babandingan antara kamampuh maca pamahaman carpon (basa Sunda) jeung maca pamahaman cerpen (basa Indonesia) santri PPM angkatan ka-4 DT

Risa Miani, 2012

Kamampuh Maca Pamahaman Carpon (Basa Sunda) Jeng Cerpen (Basa Indonesia) Santri Program Pesantren Mahasiswa Angkatan Ka-4 Daarut Tauhiid Bandung

Bandung, nyaéta santri leuwih mampuh dina macapamaham wacan basa Sunda ti batan basa Indonesia. Katitén tina peunteun nu dirata-rata kamampuh macapamaham carpon jeung cerpen nu dipedardi nabaluhur.

- 4) Faktor-faktor nu mangaruhan kana kamampuh macapamaham santri PPM angkatan ka-4 DT Bandung, di antarana mindeng nanyarita maké basa Sunda di kulawarga jeung lingkungan luar. Éta salah sahiji faktor nu mangaruhan santri mampuh dina macapamaham wacan basa Sunda. Sabab, dina wacan basa Sunda téh mangrupa bentuk tulisan tina basa lisan. Faktorséjénna nu mangaruhan kana kamampuh macapamahamanna nyaéta santri miboga majalah atawa bukutina basa Sunda.

5.2 Saran

Saréngséna ieu panalungtikan, aya sababaraha saran saperti ieu di handap

- 1) Saran pikeun santri Program Pesantren Mahasiswa Daarut Tauhiid Bandung nu asli Sunda, nyaéta:
 - a. santri tong éra miboga buku dina basa Sunda;
 - b. santri tong éran yarita make basa Sunda;
 - c. santri kudu resepin angapré siasastra Sunda;
 - d. santri kudu dibiasakeun resep maca wacan dina basa Sunda;

Risa Miani, 2012

Kamampuh Maca Pamahaman Carpon (Basa Sunda) Jeng Cerpen (Basa Indonesia) Santri Program Pesantren Mahasiswa Angkatan Ka-4 Daarut Tauhiid Bandung

e. santri kudu bisa ngalarapkeun kecap-kecap tina wacana basa Sunda kana kahirupan sapopoéna;

2) Saran pikeun panalungtik

Lajuning laku tina ieu panalungtikan nya éta kudu ayana panalungtikan deui pikeun mikanyaho hirup-huripna basa Sunda nu dipaké dikalangan santrinu asli urang Sunda, hususna pikeun santri di program pesantren mahasiswa Daarut Tauhiid Bandung.

Ieu panalungtikan can nyumponan dijadikeun salasihiji rujukan pikeun mikanyaho kamampuh maca pamahaman santri. Ku lantaran kitu, kudu ayana panalungtikan deui. Sababaraha hal nu perlu diperhatikeun leuwih gemet di ieu panalungtikan nya éta basa Sunda anu digunakeun ku santri dina kahirupan sapopoéna.

Risa Miani, 2012

Kamampuh Maca Pamahaman Carpon (Basa Sunda) Jeng Cerpen (Basa Indonesia) Santri Program Pesantren Mahasiswa Angkatan Ka-4 Daarut Tauhiid Bandung